

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan jeung pedaran anu geus didadarkeun dina bab IV, implikasi panalungtikan kana élmu pangaweruh, katut rékoméndasi pikeun sababaraha pihak patali jeung panalungtikan anu satuluyna.

5.1. Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh tata aksara jeung tata kecap basa Sunda dina aksara Pégon. Sumber data panalungtikan nyaétan naskah *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj* anu leuwih museur kana analisis téks pupujian *Nadhomul Mawalidi*. Kacindekan tina hasil panalungtikan bisa ditétélakeun kieu:

Dumasar kana tata aksarana, kapaluruh aya 31 rupa aksara konsonan anu dipaké dina téks *Nadhomul Mawalidi*: 25 aksara anu bisa disambung di tengah jeung 6 aksara anu henteu bisa disambung di tengah. Ditilik tina sumber aksarana, aya 27 aksara anu asli tina hurup Hija'iyah jeung 4 aksara mangrupa modifikasi tina aksara Arab Pérsia anu dipaké pikeun nuliskeun sora basa anu ngan aya dina basa Sunda. Cara nuliskeun aksara konsonan dina kecap téh boh mandiri boh nyambung ditulis luyu jeung kaédah anu aya dina basa Arab. Sakumna aksara anu kapaluruh dina ieu naskah téh atra kabaca tur rapih tulisanana. Pikeun nyirian sora vokal dina aksara Pégon, aya pananda sora anu digunakeun: (1) sora vokal /a/ maké tanda *fat-hah* atawa *fat-hah* jeung *alif*, (2) sora vokal /i/ maké tanda *kasroh* atawa *kasroh* jeung *ya' sukun*, (3) sora vokal /u/ maké tanda *dhommah* atawa *dhommah* jeung *wawu sukun*, (4) sora vokal /é/ maké tanda *fat-hah* jeung *ya' sukun*, (5) sora vokal /e/ jeung /eu/ maké tanda *tasydid*, (6) sora vokal /o/ maké tanda *fat-hah* jeung *wawu sukun*, jeung (7) tanda *sukun* pikeun maténi sora vokal.

Tanda baca (pungtuasi) dina naskah anu kapaluruh nyaéta angka 2 Hija'iyah pikeun nyirian kecap rajékan dwimurni.

Runtuyan vokal ditulis kalawan bantuan hurup saperti '*ain*, *wawu*, atawa *hamzah* anu numpang kana *alif maqsuroh* diselapkeun kana sora vokal anu kadua.

Dumasar kana tata kecapna, kapaluruh struktur éjahan basa Sunda dina aksara Pégon ngawengku cara nuliskeun kecap jeung cara nuliskeun unsur serepan. Cara nuliskeun kecap asal dina aksara Pégon diwincik dumasar kana pananda sora. Kecap asal anu mibanda sora /a/ leuwih réa anu ditulis maké pananda sora *fat-hah*. Kecap asal anu mibanda sora /i/ leuwih réa ditulis maké pananda sora *kasroh*. Kecap asal anu mibanda sora /u/ ditulis maké pananda sora *dhommah* anu diuwuhan ku hurup *wawu sukun*. Kecap asal anu mibanda sora /é/ ditulis maké pananda sora *fat-hah* jeung *ya' sukun*. Kecap asal anu mibanda sora /e/, /eu/, jeung gaganti kluster ditulis maké pananda sora *tasydid*. Kecap asal anu mibanda sora /o/ ditulis maké pananda sora *fat-hah* anu diuwuhan ku hurup *wawu sukun*. Tanda pamaéh atawa *sukun* digunakeun pikeun maténi sora vokal sarta cukup ditulis sakali dina saengang.

Kecap rundayan dina aksara Pégon anu kapaluruh téh aya anu ditulis misah jeung aya anu ditulis ngantét jeung kecap asalna. Rarangkén hareup *di-* jeung *ka-* lolobana ditulis misah jeung kecap asal nu matak hésé dibédakeunana jeung kecap pangantét *di* jeung *ka*. Rarangkén hareup *pang-* jeung *sa-* ditulis misah jeung kecap asalna. Rarangkén tukang *-an* jeung *-keun* ogé loba anu ditulis misah jeung kecap asal. Rarangkén séjénna saperti rarangkén hareup *N-* jeung rarangkén tukang *-eun* ditulis ngantét jeung kecap asal. Henteu ajegna ugeran dina cara nuliskeun rarangkén dina kecap téh lantaran naskah ditulis dina atikan kaagamaan tradisional jaman baheula anu tata éjahanana can disampurnakeun.

Nuliskeun kecap rajékan dwipurwa cukup ditulis wangunna sakali tuluy diuwuhan ku angka 2 Hija'iyah pikeun nyirianana. Nuliskeun kecap rajékan dwipurwa ditulis lengkep wangun asal jeung wangun rajékanana. Pon kitu deui dina kecap rajékan anu dirarangkénan cara nuliskeunana nyaluyukeun jeung ugeran dina kecap rajékan sagemblengna.

Nuliskeun kecap kantétan dina aksara Pégon ditulis misah pikeun ngabédakeun wangun kecap asalna. Variasi kecap saperti gabungan kecap, kecap pangantét, kecap panganteb, jeung kecap sesebutan ditulis misah jeung kecap asalna.

Wacahan (singgetan) dina aksara Pégon ngawengku sirnaan jeung sandi. Anapon fungsina pikeun nyumponan guru wilangan jeung dituliskeunana luyu jeung anu dibaca.

Sakumna ukuran jumlah, urutan, jeung panahap dina aksara Pégon ditulis miwujud lambang bilangan boh anu salancar boh anu dirajék.

Unsur serepan dina aksara Pégon ditulis dina dua kaédah: (1) ditulis luyu jeung éjahan aslina pikeun ngajaga kamurnian tulisan jeung nuduhkeun istilah dina basa asli, jeung (2) ditulis luyu jeung ucapan ilaharna urang Sunda lantaran robah ku undak-usuk basa.

5.2. Implikasi

Hasil panalungtikan bisa dijadikeun pangdeudeul dina pangajaran maca jeung nulis aksara Pégon. Dipiharep ayana ieu hasil panalungtikan téh bisa nambahan pangaweruh keur nu maca sangkan bisa nulis aksara Pégon bari micono kana naskah *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj*. Sok sanajan pola éjahananan can ajeg sakumaha dina éjahan basa Sunda dina aksara Latén, tina ieu hasil panalungtikan bisa dimekarkeun deui jadi panalungtikan séjénna.

Aya sababaraha léngkah kongkrit pikeun ngalarapkeun hasil tina ieu panalungtikan. Salah sahijina nyaéta ngasupkeun pedaran maca jeung nulis aksara Pégon dina raraga ngawanohkeun jeung ngaronjatkeun aprésiasi kana aksara daérah. Aksara pégon bisa diajarkeun sacara formal dina mata pelajaran Basa Sunda. Pedaran anu ditepikeun nyaéta maca téks pupujian atawa téks wawacan tina naskah aslina/salinan naskah anu ditulis dina aksara Pégon. Ku kituna generasi ngora bisa wanoh jeung micinta kana aksara Pégon minangka bagian tina kabeungharan basa Sunda.

5.3. Rékoméndasi

Ieu panalungtikan téh réa kénéh kahéngkérana. Ieu panalungtikan téh aya minangka lajuning laku tina panalungtikan saméméhna dina hal transliterasi jeung tata éjahan aksara Pégon dina basa Sunda. Hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dimekarkeun deui jadi panalungtikan-panalungtikan séjén. Ieu di handap sawatara rékoméndasi anu tujulna pikeun sababaraha pihak.

Pikeun masarakat umumna dipiharep bisa ngamumulé budaya maca jeung nulis aksara Pégon, hususna pikeun kapentingan kaagamaan. Pangna kitu téh lantaran réa pisan karya ulama heubeul anu bisa diguar deui patali jeung kaagamaan sarta ajén-ajénna tangtu relevan jeung kahirupan dina mangsa kiwari sarta lain hal kuna anu kudu ditinggalkeun.

Pikeun masarakat husus saperti dina lingkungan pasantrén jeung madrasah bisa ngaronjatkeun pangaweruh kana basa Sunda anu hadé tur merenah hususna éjahan. Ngaronjatna kamampuh tata éjahan téh bisa jadi bekel pikeun ngarévitalisasi kitab-kitab ulama klasik anu tata éjahanana diluyukeun jeung éjahan pangmutahirna bari henteu leupas tina budaya maca jeung nulis aksara Pégon anu idéntik jeung agama Islam.

Pikeun mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan téh sasieureun sabeunyeureun bisa nambahan pangaweruh kana cara nuliskeun aksara Pégon jeung ngaronjatkeun sumanget dina ngulik naskah-naskah heubeul.

Pikeun kalangan akademisi boh sakola boh paguron luhur bisa ngarumuskeun éjahan basa Sunda dina aksara-aksara daérah hususna aksara Pégon. Ayana éjahan basa Sunda dina aksara Pégon anu panceg palanggeranana téh mangrupa hiji kamajuan dina widang élmu pangaweruh sarta réa pisan mangpaatna pikeun balaréa.

Pikeun guru-guru basa Sunda, bisa ngalarapkeun hasil tina ieu panalungtikan dina raraga ngawanohkeun aksara Pégon minangka bagian tina kabeungharan basa Sunda ka parasiswa. Ku cara diajar maca jeung nulis aksara Pégon pikeun tatapakan maca téks wawacan/pupujian anu kongkrit, dipiharep bisa ngaronjatkeun kareueus siswa kana kabeungharan basa Sunda.